предмету, предложив им интерактивный и практический опыт исследования космоса.

Астрономические мобильные приложения играют значительную роль в обучении астрономии, предлагая современные, интерактивные и доступные способы изучения космических явлений. Мобильные приложения превращают абстрактные астрономические концепции в наглядные, легко воспринимаемые изображения и анимации. Это помогает учащимся лучше понимать сложные темы, такие как движение планет, фазы Луны, звездные созвездия.

С помощью мобильных приложений учащиеся могут исследовать космос в любое время и в любом месте. Это делает обучение более гибким и доступным, поскольку для использования приложений достаточно смартфона или планшета.

Приложения, такие как SkyView или Star Walk, позволяют учащимся наблюдать за звездами и планетами в реальном времени. Это предоставляет практический опыт, который может быть очень полезен для углубленного понимания астрономических объектов и явлений.

Большинство астрономических приложений регулярно обновляются, что обеспечивает доступ к самым последним данным и открытиям в области астрономии. Это позволяет учителям интегрировать самую актуальную информацию в учебный процесс.

Использование мобильных технологий на уроках может повысить интерес учащихся к предмету. Игровые элементы, интерактивные задания и возможность самостоятельного исследования делают процесс обучения более увлекательным.

Мобильные приложения могут служить отличным дополнением к традиционным методам обучения, предоставляя альтернативные способы изучения и закрепления материала.

В условиях удаленного обучения астрономические приложения становятся еще более ценными, так как они предоставляют учащимся самодостаточные ресурсы для изучения астрономии вне класса.

Использование астрономических мобильных приложений в образовательном процессе способствует более глубокому пониманию астрономии, развивает научное мышление и повышает общую образовательную эффективность.

Интеграция астрономических мобильных приложений в учебный процесс открывает перед учащимися ворота в удивительный мир космоса, делая изучение астрономии не только более эффективным, но и значительно более увлекательным. Это современное решение сочетает в себе образовательную ценность и инновационный подход, внося свой вклад в формирование глубоких знаний и устойчивого интереса к астрономии у молодого поколения.

**Литература**

1. Драгилев Е.В., Драгилева Л.Л. О некоторых современных технологиях обучения астрономии на основе информационных технологий. // Современное педагогическое образование. 2023. № 8. -С. 51-56.
2. Hashemi M., Azizinezhad M., Najafi V., Nesari A. What is Mobile Learning? Challenges and Capabilities // Procedia – Social And Behavioral Sciences. 2011. № 30. -P. 2477–2481.
3. Tkachenko I. Theory And Practice Using The Star Walk 2 Programs In The Educational Process On Astronomy. Physical and Mathematical Education. 2018. Issue 1(15). -P. 322-326.
4. Выборова Н.Н. Использование программы Stellarium при изучении астрономии в школе и вузе. Вестник шадринского государственного педагогического университета. 2019, № 3 (43). -С. 94-99.
5. Секерин В.Д., Горохова А.Е., Щербаков А.А., Юркевич Е.В. Интерактивная азбука с дополненной реальностью как форма вовлечения детей в образовательный процесс. // Открытое образование. 2017. №5. С.57-62.
6. Соболева М.Л., Тырданова М.С. Мобильное приложение для изучения трехмерных графических моделей. // Проблемы современного образования. 2015. №6. -С.77-82 18.
7. Youm D.H., Seo S.H., Kim J.-Y. Design and development methodologies of Kkongalmon, a location-based augmented reality game using mobile geographic information. // Eurasip Journal on Image and Video Processing. 2019. № 1. -P.1-11.

**РЕЗЮМЕ.** Мақолада астрономик мобил иловаларнинг таълимдаги роли ва имкониятлари ўрганилган. Шунингдек, астрономия бўйича мобил иловалардан анъанавий ўқитиш усулларини тўлдириш учун фойдаланиш мумкинлиги таъкидланган. Улар интерфаол дарсларни ўтказиш ва ўқувчиларнинг ўқув жараёнига фаоллигини ошириш учун ўқитувчиларга янги педагогик воситаларни тақдим этади.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматривается роль и возможности астрономических мобильных приложений в образовании. Также было отмечено, что мобильные приложения по астрономии могут использоваться в качестве дополнения к традиционным методам обучения. Они предоставляют учителям новые педагогические инструменты для проведения интерактивных уроков и повышения вовлеченности учащихся в процесс обучения.

**SUMMARY.** The article examines the role and possibilities of astronomical mobile applications in education. It was also noted that astronomy mobile applications can be used to supplement traditional teaching methods. They provide teachers with new pedagogical tools to conduct interactive lessons and increase student engagement in the learning process.

## ҲАМЗА ҲӘКИМЗАДА НИЯЗИЙДИҢ ТӘЛИМ-ТӘРБИЯЛЫҚ ОЙ-ПИКИРЛЕРИ

**Қ.Сейтмуратов -** *педагогика илимлериниң кандидаты, доцент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** таълим, тарбия, жадид мактаби, дарслик, театр, адабиёт.
**Ключевые слова:** образование, воспитание, жадидская школа, учебник, театр, литература.
**Key words:** education, upbringing, Jadid school, textbook, theatre, literature

Өзбек халқының туңғыш педагогы, шайыры, драматург ҳәм композиторы Ҳамза Ҳәкимзада Ниязий 1889-жылы 16-июлда Қоқанд қаласында тәуип шаңарағында дүньяға келген. Ол оқыўға болған қызығыўшылығы себеп, 12 жасында толық хат-саўатлы болып жетиседи. 1906-жылы медресеге кирип оқый баслайды, лекин медресе тәлими оны қанаатландырмайды ҳәм өз бетинше Лутфий, Алишер Наўайы, Гүлханий, Муқимий, Фурқат шығармаларын үйренеди. Ол 1905-жылдан баслап, 16 жасынан жазыўшылыққа қызыға баслайды. Ҳамза 1911-жылы Қоқандтың Хожибек гүзарында мектеп ашып, камбағал ҳәм жетим балаларды оқытады. Оқыўшылар ушын «Жеңил әдебият», «Оқыў китабы» сабақлықларын жазады.

Лекин, оның дөретиўшилиги, оқытыўшылық хызмети патша ҳүкимети әмелдарларын қорқыўға салып, оның мектебин «Қәуипли, балаларды бузыўшы, дин ҳәм мағрыйпаттан бездириўши мектеп» деп жаўып таслайды ҳәм өзин қуўдалай баслайды. Нәтийжеде 1913-жылдың февралында Ҳамза шет еллерге кетеди: Аўғаныстан, Макке, Мадина, Сирия, Бейрут, Стамбул, Одессада болып, 1914-жыл басларында Қоқандқа қайтып келеди. 1915-жылы Марғуланда мектеп ашады ҳәм муғаллимлер таярлаўшы курс шөлкемлестиреди.

Ол усы жыллар даўамында бир неше қосықлар топламын, «Миллий роман яки жаңа саадат» атлы шығармасын, «Зәхәрли өмир», «Бай менен хызметши», «Жалақорлардың жазасы», «Жер реформасы», «Сайлаў алды», «Пәренжи сырларынан бир көринис», «Ким туўры» ҳ.т.б. бир қанша пьесаларын дөретеди. Ол өзи дөреткен пьесаларды өзи шөлкемлестирген "Көшпели драм труппа"да өзиниң режиссёрлығында қояды ҳәм мийнеткеш халықты оқыўға, илим үйрениўге шақырады:

Ким билер еди, адам не, әлем не, ҳайўан недур,
Билмес еди буны ҳеш ким егер илим болмаса.
Егер билмек болсаң белгили бир заттың кейпиятын,
Лазым болар дәслеп билиў мағлыўмат ҳәм илимин [1:25].

Ҳамза 1919 жылдың басларында Қоқандтағы 1-санлы балалар үйине директор етип тайынланады. Кейиншелик өз театр труппасы менен Турк фронтында хызмет етеди, Хорезмге барып, тәлим-тәрбия ислери менен шуғылланады.

Ҳамза көркем әдебият пененде шуғылланып, сахна шығармаларынан тысқары «Ақ гүл», «Қызыл гүл», «Қоңыр гүл», «Сары гүл» атлы қосықлар топламлары жарық көрген. 1926-жылы Ҳамзаның көркем әдебияттағы хызметлерин есапқа алып, «Өзбекстан халық шайыры» атағы бериледи. Лекин көп узамай душпанлары тәрепинен 1929-жылы 18-мартта Шахимардан деген жерде тас боран етип өлтириледи.

1922-1924-жыллар аралығында Ҳамза Ҳәкимзада Ниязий Қарақалпақстанда болып, Хожели қаласындағы 1-санлы Балалар үйинде директор ҳәм оқытыўшы лаўазымларында ислейди [2:40].

Ол бул жерде өзин тынып-тыншымас педагог ҳәм басшы, тәлим-тәрбия ислериниң ҳақыйқый жанкүйери сыпатында көрсетеди. Тәрбияланыўшыларға берилип атырған билимниң сапасы менен бирге олардың турмысы, кийим-кеншек, азық-аўқат мәселелери ҳәмийше оның нәзеринде болады. Заманның бир қанша қыйын дәўирлери болыўына қарамастан өзиниң жазған пьесалары менен драм кружоклар дүзип, интернат ҳәм басқада шөлкемлерде, Хожели қаласының шар базарында тамашалар көрсетеди. Оқыў орнына қосымша жер алып, тәрбияланыўшыларға мийнет тәрбиясын бериў менен бирге олардың толық дәрежеде азық-аўқат пенен тәмийинлениўине ериседи. Ол Қарақалпақстанда жасаған дәўиринде С.Мажитов ҳәм т.б. ағартыўшы инсанлар менен тығыз байланыста болады. Олар менен елдеги жәдидшилик-ағартыўшылық ҳәрекетлери, жаңа мектеплердиң ахўалы, жасларға дүньялық билимлер бериў, оның материаллық тәмийнаты ҳаққында бәрқулла пикирлесиўде болған.

Хамза Ҳәкимзада Ниязий өз педагогикалық көзқарасларында халық билимлендириў системасын демократиялық тийкарда қайта қурыў идеясын алға сүреди. Ол жасларды баркамал әўлад етип жетилистириўдиң тиккелей тәрбияға байланыслы екенлигин айтып өтеди. Оның билдириўинше ақыл тәрбиясында балалар тәбият ҳәм жәмийет тәртип-қағыйдаларын, тәбият ҳәдийселерин, олардың өз ара байланыслы екенлигин билиўи тийис. Сонда ғана балалар жәмийет ҳәм халық абаданлығы жолында хызмет ететуғын болып жетилиседи. Әдеп-икрамлылыққа тәрбиялаўда балаларда инсанпәрўарлық туйғысын раўажландырыўымыз тийис. Себеби инсанпәрўар адам ғана басқаларды, ата-ананы қәдирлейди, инсаный ҳуқықларды қорғайды, оларға ҳүрмет көрсетеди.

Ата-ананы ҳүрметлеўге шақырып, былайынша жазады:

Биз мине мектепте жүргеймиз оқып,
Ата пул табады биз деп, көп мийнет қылып,
Атадан басқа ким болар бизге мийирман,
Атамыз болсын деп бизден разы,
Оқысақ ҳәм разы болар, етерлер дуўа.

Аналар ҳаққында:

Бир бөлек гөш едик туўылған ўақтымыз,
Анамыздың қушағы болды тахтымыз,
Тутты емшек шийрин уйқыдан безип,
Түнлерде музлаған бесиклер қушып,
Еки-үш жыл бас ушына көтерип,
Адам қылды, өзи мийнетте ҳарып.
Жаны ишинде асырады бизди сүйип,
Деди бизди, басқа арзыўды қойып,
Аўырса бир жеримиз, зар жылап жүрип,
Ҳәр есикти қақты дәрилер излеп.
Яғный жоқ анадай бизге мийирман,
Денемизге қалқан, басқа саяман,
Бизге лазым, оны бир шад әйлемек,
Бизге еткен хызметин бир яд әйлемек [3:90].

Хамза балаларды туўры сөзли, расгөй етип тәрбиялаўды нәсиятлайды. Туўры сөзли инсанлар ҳәмийше иззет-ҳүрметте, кеўли, жүзи раўшан болады деп көрсетеди. Оның пикиринше балаларды сабыр-тақатлы, ерк ықбалы күшли инсанлар етип тәрбиялаў керек. Сабырлы инсанларды ҳәмме жақсы көреди, оларды ҳүрметлейди, орынлары ҳәмийше төрде болады деп уқтырады.

Ҳамза Ҳәкимзада өз педагогикалық көзқарасларында ҳәр бир инсан жәмийет, тәбият ҳәм ҳайўанат дүньясынан хабардар болыўы керек екенлигин ескертер екен, буның ушын илим-билимди ийелеўдиң зәрүрлиги ҳаққында айтып өтеди:

Илим бизди жеткергей ҳәр муратқа,
Бизде алым болсақ ушармыз ҳаўада.

–яки

Алым болсақ дүньяда,
Ҳәмме ис буняд болар,
Бизлерде суў астын гезип,
Ҳәм ушармыз ҳаўада [4:12].

Ҳамза өз педагогикалық хызметинде ҳәм әдебий дөретиўшилигинде ҳаял-қызлард илим-билим ийелеўге, жәмийет турмысына белсене қатнасыўға шақырады. Буны оның төмендеги қосық қатарларынан көриўимизге болады:

Келди ашылар шағың, өзлигиңди көрсете бил,
Сындырып кисенлерди, ҳәр тәрепке ылақтырғыл.
Мектепке, әнжуманға бар, онда байыт пикириңди,
Илим-пән тығы менен наданлықтың баўырын тил! [5:268].

Жуўмақлап айтқанда, Ҳамза Ҳәкимзада Ниязий Республикамыздың тарийхында өзиниң озық ойлылығы менен педагогикалық пикирлердиң раўажланыўына үлкен үлес қосқан ел-журтымыздың жанкүйери, шебер педагогы, талантлы шайыры есапланады.

## Әдебиятлар


1. Ниёзий Ҳ.Ҳ. Замон ичра. Илм иста. -Т.: Ғофур Ғулом номидаги Адабиёт ва санъат нашриёти. 1979.
2. Ўрумбаев Ж. Хамзанинг Хўжайли интернатидаги педагоглик фаолияти. –Тошкент: «Ўқитувчи», 1969.
3. Ҳамза. Сайланма. -Т.: Ғ.Ғулом номидаги Адабиёт ва санъат нашриёти. 1979.
4. Ниёзий Ҳ.Ҳ. Енгил адабиёт. 1914.
5. Урта Осиёда педагогик фикр тараққиётидан лавҳалар. -Т.: «Фан», -1996.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада буюк педагог Ҳ.Ҳ.Ниёзийнинг маърифий-педагогик фаолияти ва таълим-тарбиявий қарашларининг мазмун моҳияти ҳақида сўз юритилади.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматривается учебно-педагогическая деятельность и просветительские взгляды великого педагога Х.Х.Ниязи.

**SUMMARY.** The article discusses the educational-pedagogical activities and educational views of the great pedagogue H.H. Niyazi.